

WIDA Alternate ACCESS

Konprann Nòt Pitit Ou a

Nòt Domèn Endividyèl Elèv la	
Ekout	3
Pale	4
Lekti	3
Ekriti	4
Nivo Konpetans Jeneral Elèv la	4

Egzanp nan Rapò Endividyèl Elèv la sou nòt yon elèv.

Alternate ACCESS se yon tès konpetans nan lang anglè ki mezire konpetans nan lang Anglè elèv ki gen plis defisyans kognitif yo.

Rapò Endividyèl Elèv la montre **Nòt Domèn Endividyèl** Alternate ACCESS pitit ou a nan kat domèn lang nan

- Ekout
- Pale
- Lekti
- Ekriti

Nivo Konpetans Jeneral la se yon kalkil ki baze sou tout kat nòt domèn lang yo. Yo detèmine nòt Nivo Konpetans Jeneral prensipalman apati nòt Lekti ak Ekriti epi li ede lekòl la detèmine si pitit ou a bezwen kontinye resevwa sèvis pou timoun k ap aprann Anglè.

Nòt nivo konpetans yo mete konpetans aktyèl pitit ou a nan senk **Nivo Konpetans Altènatif nan Anglè**. (Nivo konpetans yo pa gen rapò ak nivo klas pitit ou a.)

Anba nòt pitit ou a, WIDA te mete kèk aktivite yon elèv tipik ka fè nan nivo konpetans pitit ou a.

Lòt Nivo Konpetans nan Lang Anglè (PL)				
1 Ap Antre	2 Ap Parèt	3 Ap Devlope	4 Ap Elaji	5 Ap Konekte

Egzanp Rapò Endividyèl Elèv la nan Nivo Konpetans Altènatif nan Anglè yon elèv nan kat domèn lang yo.

Kisa mwen ta dwe fè apre?

- Nan Rapò Endividyèl Elèv pitit ou a gen yon seksyon ki gen sijasyon sou fason ou ka itilize enfòmasyon sa yo pou ede pitit ou a.
- Kontakte pwofesè pitit ou a si w gen nenpòt kesyon.